

Ragam Basa Pacaturan Antarane Penyiar lan Pamidhanget Radhio Pro 4 RRI Surabaya Ing Adicara  
"Mandhing Jamuran"

SIDHARTHA BUDI SUMEDHA

Dr. Surana, S.S., M.Hum

Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa  
Fakultas Basa lan Seni  
Universitan Negeri Surabaya

Sidharthamedha5@gmail.com

ABSTRAK

Ragam basa maujud amarga anane babagan sosial, kultur, lan konteks kang beda. Panliten iki njupuk objek Radhio Pro 4 RRI Surabaya lan punjere panliten luwih mligi marang wujud ragam basa adhedhasar panutur.

Dhasar panliten iki yaiku ngenani ragam basa. Kalebu *idiolek*, *akrolek*, *basilek*, lan *kolokial*. Undherane panliten iki yaiku kepriye wujud ragam basa lan kepriye undha-usuking basa sajrone pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget radhio Pro 4 RRI Surabaya. Ancase panliten iki yaiku ngandharake kepriye wujud ragam basa lan kepriye undha-usuking basa sajrone pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget radhio Pro 4 RRI Surabaya. Paedah teoretis panliten iki yaiku bisa menehi sumbangsih marang panliten ngenani panganggone basa. Paedah praktise supaya bisa migunani tumrap pasinaon Sosiolinguistik.

Panliten iki minangka panliten Sosiolinguistik awit ngrembug basa sing ana sesambungane karo kahanan sosial sajrone bebrayan. Panliten iki asipat deskriptif. Teori sing digunakake yaiku teori Sosiolinguistik Chaer. Metodhe sing digunakake yaiku metodhe deskriptif kualitatif. Dhata panliten iki dijupuk dening panliti ing lapangan. Sumber dhata panliten iki yaiku pacaturan sing ditindakake dening penyiar lan pamidhanget radhio Pro 4 RRI Surabaya.

Panliten iki mung ngrembug saperangan wujud ragam basa lan wujud undha-usuk basa sajrone pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara Mandhing Jamuran. Ragam basa sajrone pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget radhio Pro 4 RRI Surabaya kaperang dadi papat yaiku *idiolek*, *akrolek*, *basilek*, lan *kolokial*. Dene wujud undha-usuke basa sajrone pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget radhio Pro 4 RRI Surabaya kaperang dadi telu yaiku wujud *krama-ngoko*, *krama-madya*, lan *krama-Indhonesia*.

Tembung wigati: Ragam Basa, Penyiar lan Pamidhanget, Radhio Pro 4 RRI.

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Basa nduweni peranan kang wigati tumrape manungsa, utamane minangka alat komunikasi lan interaksine manungsa (Surana, 2017). Kanthi komunikasi, manungsa bisa medharake idhe-idhe, kawruh, gagasan, lan ngandharake apa kang ana pikirane. Pratelan iki padha karo panemune Keraf (1997:4) "Kanthi komunikasi kita bisa ngandharake kabeh apa sing dirasakake, dipikirake, lan kita ngerteni marang wong liya".

Ragam basa maujud amarga anane babagan sosial, kultur, lan konteks kang beda. Tetembungan sing digunakake kanggo ngrujuk marang salah siji saka ragam basa panganggone basa iku diarani ragam basa (Hastuti, 2003:8). Saka panemu ing ndhuwur bisa dingerteni yen

basa minangka sarana *komunikasi* tumrap manungsa. Basa sajrone panguripan minangka bab sing wigati kanggo slarase *komunikasi*. Panganggone basa sajrone bebrayan akeh werna-wernane. Ora mung basa sing cundhuk karo paramasastra, nanging uga asring ditemokake basa sing panganggone uwal saka paramasastra. Perkara iku sing jenenge ragam basa.

Panganggone ragam basa sajrone konteks sosial salah sijine bisa ditemokake ing penyiar radhio. Penyiar radhio minangka *komunikator* kang kudu nguwasani ragam basa lan undha-usuk basa supaya bisa narik kawigatene para pamidhanget, kaya ta penyiar radhio Pro 4 RRI Surabaya, mligine sajrone adicara Mandhing Jamuran. Saliyane kuwi, penyiar uga kudu nuduhake solah bawa kang *simpatik*, andhap asor, lan teges.

Radhio Pro 4 RRI Surabaya minangka siaran punjere kabudayan Indonesia kang nyuguhake maneka siaran seni lan budaya saka Jawa Timur kanthi cara

*konsisten* lan nduweni sesambungan karo siaran dhaerah liyane ing wilayah Indonesia kang kalebu sajrone *management* KBRN LPP RRI. Radhio Pro 4 RRI Surabaya minangka salah siji Radhio ing Jawa Timur sing nengenake budaya Jawa. Salah sijine kanthi program Mandhing Jamuran.

Mandhing Jamuran (*Mana Suka Gendhing Jawa Timur*) yaiku adicara kang ana ing sajrone program Radhio Pro 4 RRI Surabaya. Para pamidhanget Radhio Pro 4 RRI Surabaya mligine adicara Mandhing Jamuran kadhang kala kepengin njaluk diputerake gendhing Jawa tartamtu. Panjaluke para pamidhanget marang Radhio Pro 4 RRI Surabaya supaya muterake gendhing Jawa kasebut lumantar telepon.

Paneliti milih topik ragam basa antarane pacaturan lan pamidhanget radhio Pro 4 RRI Surabaya ing adicara "Mandhing Jamuran" amarga *objek* iku narik kawigaten. Adicara Mandhing Jamuran kang disiara dina Selasa tabuh 14.00-16.00 WIB dadi adicara kang disenengi para pamidhanget mligine warga masyarakat Jawa Timur kang rata-rata golongan tuwa. Ing adicara kuwi mau akeh pamundhutan gendhing Jawa kanthi cara telepon supaya njaluk diputerake gendhing kang disenengi. Adicara iki nganti seprene isih dianakake kanggo ngleluri budaya Jawa sing tansah ditresnani mligine ing bebrayan Jawa Timur.

Penyiar lan pamidhanget adicara Mandhing Jamuran nduweni *variasi* basa Jawa dhewe-dhewe. Perkara iki jalaran bebrayan ing Jawa Timur mligine kutha Surabaya dumadi saka warga sing asale saka dhaerah sing beda. Babagan kasebut ndadekake panliti kapengin mangerti lan njlentrehake panganggone basa kanthi nganakake panliten ngenani ragam basa. Panliti nganalisis wujud ragam basa lan wujud undha-usuk basane. Wujud ragam basa kang digunakake penyiar lan pamidhanget, kaya ta: idiolek, akrolek, basilek, lan kolokial. Saliyane kuwi, uga nggunakake undha-usuk basa, kaya ta: ragam krama-ngoko, krama-madya, krama-Indonesia.

#### WEWATESAN PANLITEN

Watesan panliten ing babagan iki ngrembug babagan ragam basa lan undha-usuking ragam basa pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara "Mandhing Jamuran" kanthi analisis sosiolinguistik. Saperangan panutur nggunakake wujud basa sing ora baku saengga ora trep karo *kaidah* cak-cakane basa Jawa.

#### UNDERANE PANLITEN

- (1) Kepriye wujud ragam basa pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara "mandhing jamuran"?
- (2) Kepriye wujud undha-usuk basa pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara "mandhing jamuran"?

#### ANCAS PANLITEN

- (1) Mangerteni wujud wernane basa pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara "mandhing jamuran".
- (2) Mangerteni wujud undha-usuk ragam basa pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara "mandhing jamuran".

#### PAEDAHE PANLITEN

Paedahe panliten iki diperang dadi loro yaiku paedah teoritis lan paedah praktis. Dene jlentrehane kaya mangkene.

- 1) Paedah Teoretis  
Panliten iki diajab bisa menehi sumbangan marang kajian sosiolinguistik.
- 2) Paedah Praktis  
Migunani tumrap pasinaon sosiolinguistik sing ngrembug babagan panganggone basa lan ragam basa. Tumrap bebrayan, bisa menehi *deskripsi* ngenani panganggone basa sing didadekake objek sajrone panliten iki. Saengga bisa ngaweruhi gegambaran panganggone basa sajrone bebrayan. Kanggo para mahasiswa jurusan basa Jawa diajab bisa dadi panyengkuyung anggane sinau babagan basa Jawa lan ragam basa Jawa.

#### TINTINGAN KAPUSTAKAN

##### PANLITEN KANG SAEMPER

(1) Panliten ngenani babagan *ragam basa* kang dianggep nduweni *objek* kang meh padha karo panliten iki yaiku panliten kang dilaksanakake dening Indah Yuni Wulandari 2016, kanthi irah-irahan "*Ragam Bahasa Dalam Acara Talk Show Kick Andy Periode Mei 2015 dan Implikasinya Dalam Pembelajaran Bahasa Indonesia Di SMA*", awujud skripsi, saka Fakultas Keguruan Dan Ilmu Pendidikan, Universitas Lampung Bandar Lampung. Panlitene Indah iki nduweni tujuan kanggo ngandharake wujud dialek, ragam kolokial, lan ragam basa jargon. Sing kaping pindho ragam formal, ragam usaha, lan ragam santai.

(2) Panliten sabanjure kang meh padha yaiku panliten dening Novlein Theodora 2013, kang diwenehi irah-irahan "*Studi Tentang Ragam Bahasa Gaul Di Medhia Elektronika Radio Pada Penyiar Memora-FM Manado*", awujud skripsi, saka Ilmu Komunikasi Fakultas Ilmu Sosial Dan Ilmu Politik, Universitas Sam Ratulgi Manado. Senajan panliten kang dilakoni dening Novlein iki meh padha karo kang diteliti dening penulis, nanging panlitene Novlein iki nduwe ancas mangerteni wujud *bahasa gaul* sing digunakake nalika siaran, uga kanggo mangerteni kena apa *bahasa gaul* bisa dadi basa siaran ing radhio dhaerah. Asil saka panliten kasebut yaiku, *bahasa gaul* sing digunakake nalika siaran ditemtokake dening manajemen radhio Memora kanthi ancas kanggo narik kawigaten para pamidhanget mligine kawula mudha. Kajaba saka iku, *bahasa gaul* nduweni paedah komunikatif kanggo para pamidhanget, ora mung

kanggo panglipur, nanging uga kanggo sarana persuasif lan kanggo ngolehake kawruh sing anyar.

(3) Panliten sabanjure kang meh padha yaiku, *Ragam Basa Teks Lagu Campur Sari Anggitane Joko Jogger Lan Endah Koeswanto*. Panliten iki ditindakake dening Dwi Retnaningsih taun 2008. Asil saka panliten iki yaiku ragam campuran sing digunakake dening Joko Joger lan Endah Koeswanto kanggo nganggit lelagon campur sari. Ragam campuran sing dienggo ing antarane yaiku ragam basa ngoko lan basa *dialek* Surabayan. Alih kode sing dienggo ana loro. Alih kode *intern* lan *ekstern*. Alih kode intern dumadi saka alih kode ragam ngoko-krama lan ragam basa krama-ngoko. Campur kode sing dienggo ana loro yaiku campur kode *positif* lan *negatif*

(4) Panliten kang meh padha sabanjure yaiku dening Lia Rusdiana 2015 *Ragam Basa Sajrone Buku Kidung-Kidung Kesucian ing Pura Mangkujaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi*. Adhedhasar analisis panliten ngenani Ragam Basa Sajrone Buku Kidung-Kidung Kesucian ing Pura Mangkujaya iki nggunakake basa Jawa, Basa Indonesia, lan Basa Sansekerta. Saliyane saperangan basa kasebut, sajrone buku kidung-kidung kesucian ing pura Mangku Jaya uga nggunakake undha usuk basa Jawa ing antarane yaiku basa krama, krama-ngoko, krama-sansekerta, ngoko, ngoko-krama, ngoko-sansekerta, lan ngoko-Indonesia.

Panliten ngenani babagan wujud ragam basa pancen akeh, nanging panliten ragam basa sing njupuk objek pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Pro 4 RRI Surabaya ing adicara "Mandhing Jamuran" iki durung tau ditindakake. Apa maneh panliten ragam basa kang nliti babagan piranti basa kang digunakake sajrone *pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget*, panulis durung bisa nemokake jinis panliten sadurunge kang padha. Yen dibandhingake karo panliten-panliten sadurunge ing dhuwur mau, panliten kang dilakoni dening panulis iki saliyan beda *objek* panlitene uga beda babagan kang diteliti.

## BASA LAN PANGANGGONE

Basa minangka *sarana* cecaturan sawijine pawongan karo liyan ing masyarakat arupa *lambang* swara kang diasilake dening piranti pocape manungsa (Kerraf, 1979:16). Dene Budiman (1987:1) ngandharake yen basa yaiku *sarana* pocap, pikiran, lan perasaan pawongan kanthi ajeg lan digunakake kanggo *sarana* cecaturan *antaranggota* ing masyarakat. Basa ora mung kudu dingerteni dening panganggone basa, nanging uga bisa dingerteni dening wong liya utawa *mitrawicarane*. Yen ana salah kedadèn, basa kang dienggo dening pamicara ora bisa dingerteni *mitrawicarane* mula caturan bisa diarani *gagal* utawa *salah sambung*.

Basa dadi salah sawijine *sarana* cecaturan kang utama kanggo ngandharake sawijine gagasan lan perasaan marang liyan. Manungsa antuk basa wiwit lair lan digunakake sajrone urip bebrayan ing masyarakat.

Kanthi basa, mitrawicara bisa ngerteni apa sing diandharake dening pamicara.

Wardhaugh (sajrone Chaer, 1994:19) ngandharake yen panganggone basa mono bisa kanggo *sarana* caturan tulis utawa wicara. Saliyane iku, Poedjosoedarmo (2000:169) uga ngandharake yen bisa kanggo *sarana* caturan, menahi pawarta, mangsuli, ngakon, menging, nolak, njaluk lan sabawa. Kerraf (1989:17) uga ngandharake basa digawe *sarana* caturan utawa *sarana* nggayutake wong siji lan sijine ing masyarakat, sawijine caturan kang dianakake kanthi migunakna swara kang diasilake dening piranti pocape manungsa.

Basa minangka *sarana* caturan bisa dadi *sarana* wong siji lan sijine ing masyarakat kanggo nengenake maksud kang dikarepake amrih bisa kaleksanan apa sing diandharake pamicara (Surana, 2015). Kanthi basa uga bisa dirembakaake lan diwangun kabudayane bangsa. Amarga caturan nganggo basa bisa ndadekake pawongan urip ing masyarakat saengga bisa kanggo nyinaoni adat-istiadat lan kabudayane dhewe-dhewe.

Basa kang diandharake dening panulis bisa nuwuhake pamawas anyar tumrap pamaose amrih bisa tumindak kayadene sing dikarepake panulis. Mula basane panulis iku wigati banget kanggo narik kawigatene pamaos. Kanthi nggatekake cara ngandharake, basa kang dienggo, lan apa kang diandharake bisa narik kawigatene pamaos amrih bisa tumindak kayadene sing dikarepake panulis. Mula panganggone basa iku wigati banget ing sambung orane panulis menahi pepali marang pamaos.

## KAJIAN SOSIOLINGUISTIK

Minangka *sarana komunikasi* lan sarana *interaksi* kang diduweni manungsa, basa bisa dikaji kanthi cara *internal* utawa *eksternal*. Kajian kanthi cara *internal* tegese pengkajian iku mung ana ing *struktur intern* basa iku wae, kaya dene struktur fonologise, struktur morfologise, utawa struktur sintaksise. Dene kajian kanthi cara *eksternal* tegese kajian iku mung ana ing faktor-faktor kang ana ing njabane basa kang nduweni gegayutan karo panganggone basa iku dening para panutur sajrone kelompok-kelompok sosial masyarakat.

Pengkajian kanthi cara *eksternal* ora mung nggunakake teori lan prosedur disiplin ilmu liyane kang nduweni gegayutan karo panganggone basa iku, tuladhane disiplin ilmu sosiologi, disiplin ilmu psikologi, lan disiplin ilmu antropologi. Dadi panliten utawa kajian basa *eksternal* iku migunakna 2 disiplin ilmu utawa luwih, saengga wujud arupa gabungan antarane ilmu-ilmu kang digabung iku. Tuladhane *Sosiolinguistik* iku gabungan antarane disiplin ilmu *sosiologi* lan disiplin ilmu *linguistik*.

De Saussure (1916) ing wiwitan abad 20 ngandharake basa iku salah sajining lembaga kemasyarakatan kang saemper karo lembaga kemasyarakatan liyane, kaya dene kawinan, paninggalan, lan liya-liyane. Banjur ing satengahing abad 20 ana ragam-ragam basa amarga masyarakat ora mung menahi "makna" marang basa. Ragam-ragam basa iki ora mung

nuduhake anane pambeda sosial ing masyarakat, nanging uga menehi indikasi babagan kahanane migunakna basa lan nyerminake tujuwan, topik, kaidah lan modus-modus panganggone basa. Charles Morris (1946) ngandharake basa minangka sistem lambang dibedakna dadi 3 macem kajian basa kang gegayutan karo fokus perhatian kang diwenehna. Nalika difokusne marang gegayutane antarane lambang karo maknane kang disebut *semantik*, nalika difokusne marang gegayutane antarane lambang disebut *sintaksis*, lan nalika difokusne marang gegayutane antarane lambang karo para panutur disebut *pragmatik*. Kang nomer 3 iki bisa uga disebut *sosiolinguistik*.

Miturut Kridalaksana (1978:94) *sosiolinguistik* yaiku ilmu kang nyinaoni ciri lan variasi basa, sarta gegayutan ing antarane para ahli basa kanthi ciri fungsi variasi basa iku sajrone masyarakat basa. Rene Appel, Gerad Hubert, Greus Meijer (1976:10) ngandharake *sosiolinguistik* yaiku kajian ngenani basa lan panganggone sajrone *konteks* sosial lan kabudayane. Minangka objek kang ana sajrone *sosiolinguistik*, basa ora didelok minangka basa, nanging didelok minangka sarana interaksi utawa komunikasine manungsa. *Sosiolinguistik* yen dibandingne karo ilmu-ilmu sosial liyane, kaya dene ilmu ekonomi, sosiologi, utawa ilmu linguistik dhewe, kalebu ilmu kang isih anyar. *Sosiolinguistik* iku kadhapuk saka tembung *sosio* lan *linguistik*. *Sosio* iku nduweni teges masyarakat. *Linguistik* nduweni teges kajian basa. Dadi, *sosiolinguistik* yaiku kajian ngenani basa kang digayutake karo kahanane masyarakat.

Dittmar (1976:128) ngandharake masalah-masalah sajrone *sosiolinguistik* kaperang dadi 7 dimensi yaiku (1) identitas sosial saka penutur, (2) identitas sosial saka pamireng kang gegayutan sajrone proses komunikasi, (3) lingkungan sosial papan kedadeyane tutur kedadene, (4) analisis sinkronik lan diakronik saka dialek-dialek sosial, (5) panilaian sosial kang beda saka panutur marang kelakuwane wujud-wujud ujaran, (6) tingkatan variasi lan ragam linguistik, (7) penerapan praktis saka panliten *sosiolinguistik*. Umume *sosiolinguistik* medharake babagan 7 dimensi panliten *sosiolinguistik* iku mau.

## RAGAM BASA

Ragam basa yaiku bahasan pokok sajrone *sosiolinguistik*, saengga Kridalaksana (1974:82) ngandharake *sosiolinguistik* minangka cabang linguistik medharake ciri-ciri variasi basa lan netepake *korelasi* ciri-ciri variasi basa kasebut kanthi ciri-ciri sosial kemasyarakatan. Miturut Padmoesekotjo (1978:7) dialek yaiku *variasi* basa sing ditemtokake saka *latar belakang* panutur. Minangka sawijine basa, basa nduweni sistem lan sub sistem kang dipahami karo kabeh masyarakat penutur basa. Nanging amarga masyarakat penutur basa iku *homogen*, pramila wujud basa kang *konkret* iku dadi ora padha utawa *variatif*. Kedadeyane ragam basa iki ora mung dijalari karo para panutur kang *homogen*, nanging uga dijalari karena kegiatan interaksi sosial kang dilakoni uga maneka ragam (Surana. 2007). Ragam basa iki saya suwe saya akeh nalika digunakake

karo para panutur kang saya akeh. Ing sajrone ragam basa, ana 2 *pandangan* yaiku ragam basa kang didelok saka akibat anane ragam sosial penutur basa lan ragam fungsi basa. Dadi, ragam basa iku kedadeyan saka akibat anane ragam sosial lan ragam fungsi basa.

Ragam basa kang wiwitan yaiku ragam basa kang didelok saka penutur. Ragam basa iku yaiku *idiolet*. *Idiolet* yaiku ragam basa kang asipat pawongan. Miturut konsep *idiolet*, saben wong nduweni ragam basa utawa *idiolet* dhewe-dhewe. *Idiolet* gegayutan karo "warna" suwara, pilihan tembung, gaya basa, susunan ukara, lan sapiturute (Chaer, 1995:55).

Ragam basa kang kapindho yaiku *dialek*. *Dialek* yaiku ragam basa saka sakelompok penutur kang gunggungane *relatif*, kang ana ing sawijine papan panggonan. Ragam basa kang katelu yaiku *kronolek* utawa *kronolek temporal*. *Kronolek* yaiku ragam basa kang digunakake karo sakelompok pawongan sosial ing wektu tartamtu. Ragam basa kang kapapat yaiku *sosiolek* utawa *dialek sosial*. *Sosiolek* yaiku ragam basa kang gegayutan karo status, golongan, lan kelas sosial para panutur.

## IDIOLEK

*Idiolet* yaiku *variasi* basa sing asipat pawongan. Dadi saben pawongan nduweni *variasi* basa dhewe-dhewe sing gegayutan karo ragam swara, pamilihe tembung, lelewane basa, lan pangrakite ukara.

## AKROLEK

*Akrolek* yaiku *variasi* basa sajrone masyarakat sing dianggep luwih dhuwur utawa luwih apik teka *variasi* basa sajrone masyarakat liyane. Tuladhane kayata tembung-tembung kang endah lan kebak ing surasa.

## BASILEK

*Basilek* yaiku, *variasi* basa sajrone masyarakat sing dianggep luwih asor. Panganggone basa sing kaya mangkene kena uga diarani krama desa. Basa krama desa digunakake jalaran panutur ora migatekake paugeran tingkat tutur. Kadadeyan kaya mangkene dijalari para pamidhanget MJ akeh sing saka klas/menengah kebawah lan bebrayan saka ndesa. Tembung-tembung krama ndesa diucapake panutur kanthi ora sadar. Panutur wis nganggep yen tembung-tembung sing diucapake iku kalebu tembung-tembung sing bener lan wis manut paugerane tingkat tutur.

## KOLOKIAL

*Kolokial* yaiku, *variasi* basa sing dienggo sajrone pacaturan saben dina. *Kolokial* yaiku basa pacaturan lan dudu basa tulis. *Kolokial* iki ora kena diarani basa sing asor. Bakune yaiku konteks ing panganggone. Kedadeyan kaya mangkene dijalari penyiar lan para pamidhanget adicara MJ minangka bebrayan Surabaya sing kulina nganggo basa lisan sasenege dhewe.

## UNDHA-USUK BASA

Wujud undha-usuk basa Jawa kang sasuwene iki diweruhi dening masyarakat Jawa yaiku wujud ngoko lan

krama (Surana, 2017). Wujud krama asring kasebut wujud basa saengga nalika ana pawongan kang ora bisa nggunakake wujud krama kanthi bener, pawongan iku bakal diarani wong kang ora bisa basa. Sasangka (1991:58 lan 1994:38) ngandharake undha-usuk basa Jawa iku bisa dibedakake, nanging prinsipé ana 2 macem yaiku undha-usuk kang awujud ngoko lan undha-usuk kang awujud krama.

Sajrone *Tingkat Tutur Bahasa Jawa* kang disusun dening Poedjosoedarma dkk (1979) kang diterbitné dening Pusat Bahasa ngandharake yen undha-usuk basa Jawa sajrone buku iku disebut *tingkat tutur bahasa Jawa*, kaperang dadi (1) *ngoko*, (2) *madya*, (3) *krama* (Antun Suhono, 1952:12). Kabeh tingkat tutur iku mau isih diperang-perang dadi sangang bentuk. Tingkat tutur *ngoko* diperang dadi *ngoko lugu*, *basa antya*, lan *antya-basa*. Tingkat tutur *madya* diperang dadi *madya ngoko*, *madyantara*, lan *madya krama*. Tingkat tutur *krama* diperang dadi *mudha krama*, *kramantara*, lan *wredha krama*. Ing sajrone wedharane, Poedjosoedarma ngakui yen tingkat tutur *kramantara* lan *wredha krama* wus ora asring dirungokake. Panemune Poedjosoedarma dibarengi karo panemune Purwo (1991) kang mbagi tingkat tutur basa Jawa dadi *ngoko*, *madya*, lan *krama*. Nanging katelu jinis tingkat tutur iku ora digamblangne maneh.

Kaya dene Poedjosoedarma (1997:13-15) wus merang tingkat tutur dadi sanga, sejatine kang diwenehi andharan namung tingkat tutur kang bentuke *ngoko*, *madya*, lan *krama*. Undha-usuk basa iku tetep digunakake amarga pirang-pirang perkara, yaiku anane pengin ngajeni marang wong liya, anane kesenian tradisional, pers basa Jawa, lan adicara utawa upacara tradisional.

Undha-usuk basa Jawa mono kalebu perangan lelageyaning basa kang lumrahe kaperang dadi pirang-pirang jinis (Surana, 2006). Lelageyaning basa yaiku wujud *keragaman* basa jalaran anane ragam-ragam panutur lan uga anane kagiyatan *interaksi sosial* kang maneka ragam (Chaer lan Agustina, 2006 : 61). Lelageyaning basa nuduhake ragam basa kang panganggone digathukake karo paedah lan kahanane.

### **RAGAM NGOKO**

Ragam ngoko yaiku, arupa salah sawijining ragam basa Jawa sing paling umum, sarta digunakake karo sakabehe bebrayan. Sing kaya mangkono kuwi kabukti ragam ngoko asring diarani minangka ragam basa sing utama lan panganggone ragam ngoko iki ora winates sajrone bebrayan sing nduweni *status* luwih asor utawa luwih dhuwur.

### **RAGAM MADYA**

Ragam krama-madya yaiku, salah sawijining basa sing asipat madya(tengah-tengah). Tegese tingkat tutur sing ana sajrone panganggone ragam basa ing antarane basa ngoko, basa krama, lan variasi krama-madya bisa diarani tetenger leksikon (tembung) krama lugu. Lumrahe variasi ragam madya iki awujud tugelan

utawa wacahan saka basa krama. Upamane tembung punapa diucapake napa, dhateng diucapake teng.

Tuwuhe basa krama-madya ing adicara MJ bisa dijajari samubarang tartamtu. Panutur ngajak guneman mitra tutur sing sadurunge nganggo basa krama banjur owah menyang basa krama-madya jalaran panutur wis rumangsa akrab. Bisa uga panutur nylarasake basane mitra tutur. Bisa uga panutur lan mitra tutur kanthi sengaja/ora sengaja ora ngecakake paugeran panganggone basa krama sing trep.

### **RAGAM INDHONESIA**

Ragam krama-Indhonesia yaiku, basa Indhonesia minangka basa *persatuan*. Basa Indhonesia, digunakake kanthi cara resmi lan ora resmi. Panganggone basa antara ragam krama lan Indhonesia asring digunakake dening bebrayan senadyan ta ora sakabehe ragam kasebut digunakake. Bab iku dijajari amarga saperangan bebrayan nggunakake ragam krama-Indhonesia yen dideleng saka lingkungane lan papan panggonane.

Tuwuhe basa krama-Indhonesia ing adicara MJ bisa dijajari samubarang tartamtu. Panutur ngajak guneman mitra tutur sing sadurunge nganggo basa krama banjur owah menyang basa krama-Indhonesia jalaran panutur wis rumangsa akrab. Bisa uga panutur nylarasake basane mitra tutur. Bisa uga panutur lan mitra tutur kanthi sengaja/ora sengaja ora ngecakake paugeran panganggone basa krama sing trep. Ragam Indhonesia sing digunakake penyiar lan pamidhanget sajrone program "Mandhing Jamuran" Radhio Pro 4 RRI Surabaya asipat umum

### **LANDHESAN TEORI**

Teori lan konsep kang digunakake kanggo nliti ragam basa pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara "Mandhing Jamuran". Teori kang digunakake ana ing panliten iki yaiku ngenani kajian sosiolinguistik ragam basa Chaer lan Agustina (2004) ragam basa yen dideleng saka panganggone bisa kaperang dadi papat yaiku: (1) *idiolet*, (2) *akrolek*, (3) *basilek*, lan (4) *kolokial*. Undha-usuk basa Jawa mono kalebu perangan lelageyaning basa kang lumrahe kaperang dadi pirang-pirang jinis. Lelageyaning basa yaiku wujud *keragaman* basa jalaran anane ragam-ragam panutur lan uga anane kagiyatan *interaksi sosial* kang maneka ragam.

Kaya dene Poedjosoedarma (1997) wus merang tingkat tutur dadi sanga, sejatine kang diwenehi andharan namung tingkat tutur kang bentuke *ngoko*, *madya*, lan *krama*. Undha-usuk basa iku tetep digunakake amarga pirang-pirang perkara, yaiku anane pengin ngajeni marang wong liya, anane kesenian tradisional, pers basa Jawa, lan adicara utawa upacara tradisional.

### **METODHE PANLITEN**

Kagiyatan panliten sing nganggo objek *Pacaturan Antarane Penyiar lan Pamidhanget Radhio Pro 4 RRI Surabaya ing Adicara "Mandhing Jamuran"*

awujud panliten *diskriptif kualitatif*, merga panliten iki menehi deskripsi marang saben-saben underane panliten.

### SUMBER DHATA LAN DHATA

Sumber dhata panliten iki yaiku basa *pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara "Mandhing Jamuran"*.

Dhata panliten yaiku awujud tembung, *frase, klausa*, lan ukara sing ngandhut aspek ragam basa, lan undha-usuk *pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Radhio Pro 4 RRI Surabaya ing adicara "Mandhing Jamuran"*.

### INSTRUMEN PANLITEN

Instrumen sing dienggo ana loro yaiku instrumen utama lan instrumen penyengkuyung. Instrumen utama yaiku panliti dhewe merga panliti sing nglakoni panliten iki. Panliti sing nglumpukake dhata, nganalisis dhata lan nulis asil analisis dhata. Sekabehe panliten iki gumantung panliti saka anggane nliiti objek panliten. Instrumen panyengkuyung yaiku piranti sing dienggo panliti kanggo nglumpukake dhata, nganalisis dhata lan nulis asil analisis dhata kalebu *handphone* kanggo ngrekam pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget, potelot/pulpen lan buku cathetan kanggo nyathet asil pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget, komputer/laptop kanggo nggarap lan nulis asil analisis dhata pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget.

### TATA CARA NGLUMPUKAKE DHATA

Tehnik cara nglumpukake dhata yaiku dhata dipilah-pilah miturut underane panliten kaya mangkene:

- (1) Ngrungokake rekaman pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget kang wis diklumpukake
- (2) Nengeri lan nyathet wujud basa pacaturan kang pangucape baku lan wujud basa pacaturan kang pangucape ora baku ing basa Jawa
- (3) Nglumpukake informasi utawa kapustakan kang trep karo babagan piranti wujud basa pacaturan kang pangucape baku lan wujud basa pacaturan kang pangucape ora baku ing basa Jawa.

### TATA CARA NGANALISIS DHATA

Metodhe lan Tehnik ngolah dhata sing dienggo ing panliten iki yaiku metodhe Padan lan Agih. Metodhe Padan, piranti panentune ing sanjabane basa. Dene metodhe Agih iki pirantine panentune ana ing basa iku dhewe (Sudaryanto, 1993:13-15). Tehnik sing dienggo yaiku tehnik pilah. Tehnik pilah yaiku dhata dipilah-pilah miturut underane panliten

### TATA CARA NGANDHARAKE ASIL ANALISIS DHATA

Tata cara nyuguhake dhata nganggo metodhe formal lan informal. Sudaryanto (1993:144-159) ngandharake yen metodhe formal minangka cara nyuguhake asile analisis dhata nganggo angka-angka lan kodhe-kodhe. Dene metodhe informal yaiku tata cara nyuguhake dhata kanthi nggunakake tembung-tembung sing lumrah.

Metodhe formal digunakake kanggo menehi kodhe-kodhe sajrone cuplikan dhata kaya sing ana ing dhafatar cekakan. Dene metodhe informal digunakake kanggo menehi deskripsi panliten iki liwat tembung-tembung sing dironce, nganggo basa Jawa.

### RUNTUTANE PANLITEN

Runtutane panliten bisa diperang dadi telu yaiku prapanliten, nindakake panliten, nulis lapuran panliten (Mahsun, 2005:31). Cak-cakane sing dikarepake yaiku:

#### 1. Tahap Persiapan

Minangka kagiyatan sing kaping pisan sajrone cak-cakan prapanliten. Persiapan sing dilakoni yaiku:

- a) Nggoleki lan nemtokake objek lan underane panliten.
- b) Nglumpukake dhata.
- c) Netepake irah-irahan panliten.
- d) Nglumpukake literatur kapustakan.
- e) Nyusun proposal.

#### 2. Tahap Nindakake Panliten

Dhata sing wis nglumpuk banjur diolah ing tahap nindakake lan ngolah dhata.

- a) Idhidentifikasi.

Dhata sing antuk saka sumber dhata bakal *diidentifikasi*.

- b) Analisis dhata.

Dhata sing wis *diidentifikasi* banjur dianalisis kanthi diperang-perang miturut ragam basa utawa wujud ragam basa lan tingkat tutur.

- c) Klasifikasi dhata.

*Nglasifikasi*-ake dhata kanthi cara nliiti lan merang miturut perangan panganggone basa sing ana ing ragam basa pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara "Mandhing Jamuran".

#### 3. Tahap Pungkasan

Tahap iki minangka runtutane panliten sing arupa panulisan laporan analisis, nglapurake asile analisis, ngowahi laporan kanthi *ngrevisi* asil laporan, ujian skripsi, lan njilid skripsi.

### ANDHARAN ASILE PANLITEN

#### WUJUD RAGAM BASA

Ragam basa sajrone panliten wis kaperang-perang adhedhasar kahanan lan wektu. Saben perangan nuduhake gegambaran saka sakabehe dhata ing lapangan. Dhata diklumpukake banjur dijinggleng. Saka dhata sing wis dijinggleng, ragam basa sajrone panliten iki bisa diperang-perang maneh. Wujud *variasi* basa sajrone pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget Radhio Pro 4 RRI Surabaya nuwuhake anane wujud *idiolek, akrolek, basilek, lan kolokial*.

#### WUJUD IDIOLEK

*Idiolek* yaiku *variasi* basa sing asipat pawongan. Dadi saben pawongan nduweni *variasi* basa dhewe-dhewe sing gegayutan karo ragam swara, pamilihe tembung, lewane basa, lan pangrakite ukara. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

PYH : Nuwun, para sutresna. Sugeng siyang, sugeng pepanggihan malih kaliyan adicara Mandhing Jamuran pro-4 RRI Surabaya. Kita saking studio ngaturaken sugeng midhangetaken, sumangga.

Dhata kasebut nduweni konteks PYH minangka MC adicara MJ. PYH nggunakake ukara-ukara kasebut ing saben miwiti adicara MJ, supaya para pamidhanget ngerti yen sing lagi dirungokake kuwi PYH sing bakal nyuguhake gendhing-gendhing Jawa Timuran ing adicara MJ. Sing kaya mangkene iki, minangka titikan saka PYH yen dheweke lagi ngisi acara MJ. Sabanjure PYH uga nduweni *variasi* basa dhewe sing dibolan-baleni nalika cecaturan karo panelpun/pamidhanget.

PYNA : Nggih, dherek-dherek sedaya menawi.....

Dhata kasebut nuduhake wujud *idiolek*. Saliyane ukara sing diandharake dening PYNA dibolan-baleni ing saben siaran, dheweke uga nggunakake tembung sing *variatif*. Katuduhake ing tembung 'dherek-dherek'. Lumrahe tembung kasebut yaiku sedherek. Nanging, PYNA sing nduweni *variasi* dhewe nalika ngucapake tembung kasebut. Mula kadadean kaya mangkene kena diarani *idiolek*.

### WUJUD AKROLEK

*Akrolek* yaiku *variasi* basa sajrone masyarakat sing dianggep luwih dhuwur utawa luwih apik teka *variasi* basa sajrone masyarakat liyane. Tuladhane kayata tembung-tembung kang endah lan kebak ing surasa. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

PYK : Yang Yut !

BYY : Nggih, Sugeng rahayu.

Dhata kasebut nuduhake wujud *akrolek*. Katuduhake ing ukara sing digaris ngisore. Ukara sugeng rahayu kasebut mujudake salam lan dedonga. Lumrahe atur salam nganggo 'sugeng enjing/ sugeng siyang lsp. Nanging BYY nggunakake ukara kang endah sing tegese padha kanggo atur salam marang para penyiar radhio.

PYNA : Bapa Suparno PP Legi.

BCD : Nggih, ingkang murwakani dalah ingkang sampun mlebet, kula pun cantrik Donyaloka ngaturaken wilujeng siyang.

Dhata kasebut nuduhake wujud *akrolek*. Katuduhake ing tembung sing digaris ngisore. Tembung murwakani kasebut nuduhake tembung kang endah. Mesthine BCD bisa nggunakake tembung 'mbuka' kanggo ngganteni tembung 'murwakani'. Mula BCD nggunakake tembung kang endah supaya atine para pamidhanget liyane seneng jalaran krungu unen-unen sing nggunakake basa kang endah.

PYNP : Mandhap dhateng Sinom Wenigonjing..... Wonten mriki, kita ingkang ngayahi gati. Kula Purbandari saha Mas Hari.....

Dhata ing dhuwur nuduhake wujud *akrolek*. Katuduhake ing *frasa* sing digaris ngisore. *Frasa* ngayahi gati kasebut nuduhake tembung kang endah. *Frasa* kasebut kanggo nuduhake swasana ngayahi karepotan. Satenane PYNP bisa nggunakake tembung-tembung sing salumrahe. *Frasa* kasebut nduweni teges "nyambut gawe" kang ditindakake dening penyiar. Mula PYNP nggunakake basa kang endah kanggo narik kawigatene para pamidhanget supaya seneng atine jalaran krungu unen-unen sing nggunakake basa kang endah.

### WUJUD BASILEK

*Basilek* yaiku, *variasi* basa sajrone masyarakat sing dianggep luwih asor. Panganggone basa sing kaya mangkene kena uga diarani krama desa. Basa krama desa digunakake jalaran panutur ora migatekake paugeran tingkat tutur. Kadadeyan kaya mangkene dijalari para pamidhanget MJ akeh sing saka klas/menengah kebawah lan bebrayan saka ndesa. Tembung-tembung krama ndesa diucapake panutur kanthi ora sadar. Panutur wis nganggep yen tembung-tembung sing diucapake iku kalebu tembung-tembung sing bener lan wis manut paugerane tingkat tutur. Kayata tuladha pacaturan ing ngisor iki.

BT : Mbak Ami, Mas Hari, kadospundi kabaripun?

PYH : Alhamdulillah, sehat. Yu Tum, kadospundi?

BT : Mantun kejawahen, kula niki kathuken.

PYNA : Oh, wonten mriki mboten jawah.

Tuladha pacaturan ing dhuwur mujudake *basilek*. Katuduhake ing tembung sing digaris ngisore. Tembung kabaripun minangka tembung sing kalebu krama desa. Jalaran tembung kasebut minangka tembung basa ngoko sing dicakake kaya dene basa krama. Katuduhake ing panambang -ipun. BT mesthine kudu ngganti tembung 'kabaripun' nganggo tembung 'pawartosipun'.

*Frasa* mantun kejawahen kasebut bisa diarani krama desa. Mesthine BT nggajuli tembung 'mantun' nganggo tembung 'bibar' supaya trep karo basa krama sing bener utawa ora uwal saka paugeran basa krama. Jalaran tembung mantun iku saka basa ngoko 'mari'. Dene tembung 'mari' cak-cakane tumrap wong lara, dudu udan(jawah).

MM : Kadospundi kabare, Cak Kun?

PYK : Sae-sae, Mbah. Alhamdulillah, bagus, cerah.

Pacaturan ing dhuwur nuduhake wujud *basilek*. Katuduhake ing tembung sing digaris ngisore. Tembung kabare kasebut bisa diarani tembung krama desa. Mesthine MM nggunakake tembung 'pawartosipun' kanggo ngganti tembung 'kabare'. Amarga MM nggunakake basa krama katuduhake ing tembung 'kadospundi'. Kadadeyan sing kaya mangkene bisa dijalari anggone MM milih tembung adhedhasar pakulinan ing bebrayan ndesa. Ana tuladha pacaturan sabanjure sing kaya mangkene.

### WUJUD KOLOKIAL

*Kolokial* yaiku, *variasi* basa sing dienggo sajrone pacaturan saben dina. *Kolokial* yaiku basa pacaturan lan

dudu basa tulis. *Kolokial* iki ora kena diarani basa sing asor. Bakune yaiku konteks ing panganggone. Kedadeyan kaya mangkene dijajari penyiar lan para pamidhanget adicara MJ minangka bebrayan Surabaya sing kulina nganggo basa lisan sasenege dhewe. Tuladhane kayata ing pacaturan ngisor iki.

PW : Kadospundi, pawartosipun?

PYK : Alhamdulillah, sehat, Cak Mi. Takarep-arep rika, gak teka sampeyan.

Tuladha pacaturan ing dhuwur nuduhake wujud *kolokial*. Katuduhake ing tembung rika lan gak. Sing sepisan tembung 'rika'. PYK nggunakake tembung kasebut jalaran panganggone tembung kaya mangkono wis lumrah sajrone bebrayan Surabaya. Tembung 'rika' kasebut minangka salah siji tembung sing nduweni teges padha dene karo tembung 'sampeyan' sajrone basa Jawa baku.

Sabanjure ana tembung 'gak'. PYK nggunakake tembung kasebut jalaran panganggone tembung kaya mangkono wis lumrah sajrone bebrayan Surabaya. Tembung 'gak' kasebut minangka tembung wancah saka tembung asli 'ogak'. Tembung 'gak' kasebut minangka salah siji tembung sing nduweni teges padha dene karo tembung 'ora' sajrone basa Jawa baku.

PPm : Njagakna ngamen yaw is ben panggah ana. Hehe

PYK : Ora isa sreng-sreng lak an.

Pacaturan ing dhuwur nuduhake wujud *kolokial*. Katuduhake ing tembung sing digaris ngisore. Tembung 'njagakna' lan 'lak an'. Sing sepisan tembung 'njagakna'. PPm nggunakake tembung kasebut jalaran panganggone tembung kaya mangkono wis lumrah sajrone bebrayan Surabaya. Tembung 'njagakna' kasebut minangka tembung andhahan saka tembung asli 'jaga'. Tembung 'njagakna' sing pikantuk ater-ater n- lan panambang -na. Tembung kasebut sejatine bisa diowahi dadi njagakake supaya trep karo basa Jawa baku.

Sabanjure ana tembung 'lak an'. PYK nggunakake tembung kasebut jalaran panganggone tembung kaya mangkono wis lumrah sajrone bebrayan Surabaya. Tembung kasebut digunakake sajrone pacaturan saben dina. Sing nduweni teges padha dene tembung 'rak'. Mung wae panganggone ana ing pungkasaning ukara. Bedha karo basa tulis.

PPm : Nggih, angsal salam saking pena, Cak.

PYK : Iya, aja digawekna kopi cik ngecebret. Haha. Lamongan, Cak.

Pacaturan ing dhuwur nuduhake wujud *kolokial*. Katuduhake ing tembung sing digaris ngisore. Tembung 'pena', 'cik', lan 'ngecebret'. Sepisan yaiku tembung 'pena'. Tembung 'pena' minangka salah siji tembung sing nduweni teges padha dene tembung 'sampeyan' sajrone basa Jawa baku. Mula PPm nggunakake tembung kasebut jalaran panganggone tembung kaya mangkono wis lumrah sajrone bebrayan Surabaya.

Sabanjure ana tembung 'cik'. PYK nggunakake tembung kasebut jalaran panganggone tembung kaya mangkono wis lumrah sajrone bebrayan Surabaya. Tembung 'cik' kasebut minangka salah siji tembung sing nduweni teges padha dene karo tembung 'supaya' sajrone basa Jawa baku.

Dene tembung 'ngecebret' PYK nggunakake tembung kasebut jalaran panganggone tembung kaya mangkono wis lumrah sajrone bebrayan Surabaya. Tembung 'ngecebret' kasebut minangka tembung andhahan saka tembung asli 'cebret'. Tembung 'ngecebret' sing pikantuk ater-ater ng-. Tembung kasebut sejatine bisa diowahi dadi 'kakehan omong' supaya trep karo basa Jawa baku.

## WUJUD UNDHA-USUK BASA

Wujud undha-usuk basa Jawa kang sasuwene iki diweruhi dening masyarakat Jawa yaiku wujud ngoko lan krama. Wujud krama asring kasebut wujud basa saengga nalika ana pawongan kang ora bisa nggunakake wujud krama kanthi bener, pawongan iku bakal diarani wong kang ora bisa basa. Undha-usuk basa Jawa iku bisa dibedakake, nanging prinsip ana 2 macem yaiku undha-usuk kang awujud ngoko lan undha-usuk kang awujud krama.

Undha-usuk basa ing program "mandhing jamuran" Radhio Pro 4 RRI Surabaya dijajari anane samubarang kahanan lan panganggone. Sing njalari anane ragam basa ditemtokake dening tingkat sosial bebrayan saengga ragam-ragam kasebut digunakake kanggo fungsi tartamtu, yaiku siji dideleng saka kaprayayan, loro dideleng saka kedudukan sosial sing katitik saka tingkat pendhidhikan lan perekonomian sing diduweni, tingkatan-tingkatan kasebut sajrone bebrayan Jawa kasebut *Undha-usuk*.

Sesambungan karo undha-usuk basa Jawa, panganggone ragam ing program "mandhing jamuran" Radhio Pro 4 RRI Surabaya uga ana ragam basa ing *standart* basa krama sing digunakake kanggo *pengantar* sajrone adicara kasebut, antarane arupa: ragam krama-ngoko, ragam krama-madya, lan ragam krama-Indhonesia.

## RAGAM KRAMA-NGOKO

Ragam ngoko yaiku, arupa salah sawijining ragam basa Jawa sing paling umum, sarta digunakake karo sakabehe bebrayan. Sing kaya mangkono kuwi kabukti ragam ngoko asring diarani minangka ragam basa sing utama lan panganggone ragam ngoko iki ora winates sajrone bebrayan sing nduweni *status* luwih asor utawa luwih dhuwur. Ragam ngoko sing digunakake penyiar lan pamidhanget sajrone program "Mandhing Jamuran" Radhio Pro 4 RRI Surabaya asipat umum. Kayata tuladha ing ngisor iki:

PYNP : Inggih, semanten ugi ingkang nembe wonten margi, sampun kesupen, aja nganti ngantuk krungu gendhing-gendhing, Mas Hari.

PYH : Inggih, gendhing-gendhing ingkang nyemet-nyemet ngoteniku wau.

PYNP : Apa maneh jula-juli sing ngumandhangake putri jula-juli.

Pacaturan ing dhuwur wujud ragam ngoko sing diucapake dening PYNP nalika bage-binage. Ragam ngoko kasebut katitik saka *frase* sing digaris ngisore. Tembung-tembung basa ngoko kaya dene 'aja', 'nganti', lan 'krungu', kudune bisa diganti nganggo basa krama.



Saengga frase kasebut owah dadi "sampun ngantos ngantuk kepireng....".

Sabanjure uga ana ukara sing diucapake dening PYNP nganggo ragam ngoko. Ragam ngoko kasebut katitik saka ukara sing digaris ngisor. Ukara basa ngoko kaya dene "apa maneh jula-juli sing ngumandhangake putri jula-juli" mesthine bisa diganti nganggo basa krama. Saengga ukara kasebut owah dadi "menapa malih jula-juli ingkang ngumandhangaken putri jula-juli".

### RAGAM KRAMA-MADYA

Ragam krama-madya yaiku, salah sawijining basa sing asipat madya(tengah-tengah). Tegese tingkat tutur sing ana sajrone panganggone ragam basa ing antarane basa ngoko, basa krama, lan variasi krama-madya bisa diarani tetenger leksikon (tembung) krama lugu. Lumrahe variasi ragam madya iki awujud tugelan utawa wacahan saka basa krama. Upamane tembung punapa diucapake napa, dhateng diucapake teng.

Tuwuhe basa krama-madya ing adicara MJ bisa dijalari samubarang tartamtu. Panutur ngajak guneman mitra tutur sing sadurunge nganggo basa krama banjur owah menyang basa krama-madya jalaran panutur wis rumangsa akrab. Bisa uga panutur nyarasake basane mitra tutur. Bisa uga panutur lan mitra tutur kanthi sengaja/ora sengaja ora ngecakake paugeran panganggone basa krama sing trep. Ragam madya sing digunakake penyiar lan pamidhanget sajrone program "Mandhing Jamuran" Radhio Pro 4 RRI Surabaya asipat umum.. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

PM : Kula suwun sepuntene sing kathah, nggih.

PYK : Inggih.

PM : Kula kakehan anu, kakehan es niki.

Tuladha pacaturan ing dhuwur kasebut nuduhake wujud ragam madya. Katuduhake ing *klausa* sing digaris ngisore. Sing sepisan yaiku tembung 'suwun'. Tembung kasebut mujudake tembung lingga. Senajan ta basa krama, tembung kasebut kurang trep. Kudune supaya trep tembung kasebut kawuwuhan ater-ater ny- supaya dadi 'nyuwun'.

Sabanjure ana tembung 'sepuntene'. Mesthine PM nggunakake tembung 'pangapuntene' kanggo ngganti tembung 'sepuntene' supaya manut paugerane basa krama sing trep. Panganggone tembung 'sepuntene' sing kaya mangkono bisa dijalari PM ora migatekake utawa ora weruh paugerane basa krama sing trep. Anggone milih tembung adhedhasar pakulinan ing bebrayan.

Dene tembung 'sing' kasebut mesthine PM nggunakake tembung 'ingkang' kanggo ngganti tembung 'sing'. Amarga PM nggunakake basa krama katuduhake ing tembung 'nggih'. Kadadayan sing kaya mangkene bisa dijalari anggone PM milih tembung adhedhasar pakulinan ing bebrayan.

### RAGAM KRAMA-INDONESIA

Ragam krama-Indonesia yaiku, basa Indonesia minangka basa *persatuan*. Basa Indonesia, digunakake kanthi cara resmi lan ora resmi. Panganggone basa antara ragam krama lan Indonesia asring digunakake dening bebrayan senadyan ta ora sakabehe ragam kasebut digunakake. Bab iku dijalari amarga

saperangan bebrayan nggunakake ragam krama-Indonesia yen dideleng saka lingkungane lan papan panggonane.

Tuwuhe basa krama-Indonesia ing adicara MJ bisa dijalari samubarang tartamtu. Panutur ngajak guneman mitra tutur sing sadurunge nganggo basa krama banjur owah menyang basa krama-Indonesia jalaran panutur wis rumangsa akrab. Bisa uga panutur nyarasake basane mitra tutur. Bisa uga panutur lan mitra tutur kanthi sengaja/ora sengaja ora ngecakake paugeran panganggone basa krama sing trep. Ragam Indonesia sing digunakake penyiar lan pamidhanget sajrone program "Mandhing Jamuran" Radhio Pro 4 RRI Surabaya asipat umum. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

PYH : Wonten wayangan, terus adicara Ketiban Sampur.

PYNA : Menawi mboten lepat hlo, Mas Hari. Kadose wonten penampilan pengrawit.

Dhata ing dhuwur minangka wujud ragam Indonesia sing diucapake dening PYNA nalika paring pawarta dhumateng para pamidhanget adicara MJ karo PYH. Ragam Indonesia kasebut katitik saka tembung-tembung sing digaris ngisore. Tembung-tembung basa Indonesia kayata 'terus' lan 'penampilan' mesthine bisa diganti nganggo basa krama. Sing sepisan yaiku tembung 'terus'. Tembung 'terus' kuwi kalebu basa Indonesia. Mesthine PYH nggunakake tembung "lajeng". Saengga ukarane bakal owah dadi "wonten wayangan, lajeng adicara Ketiban Sampur". Sabanjure tembung 'penampilan'. Tembung 'penampilan' kasebut uga kalebu basa Indonesia. Mesthine PYNA ngganti tembung kasebut nganggo tembung "pasugatan". Saengga ukarane dadi ".... Kadose wonten pasugatan pengrawit".

PYH : Wonten wayangan, terus adicara Ketiban Sampur.

PYNA: Menawi mboten lepat hlo, Mas Hari. Kadose wonten penampilan pengrawit.

Dene dhata kasebut minangka wujud ragam Indonesia sing diucapake dening PYNA nalika paring pawarta dhumateng para pamidhanget adicara MJ karo PYH. Ragam Indonesia kasebut katitik saka tembung-tembung sing digaris ngisore. Tembung-tembung basa Indonesia kayata 'terus' lan 'penampilan' mesthine bisa diganti nganggo basa krama. Sing sepisan yaiku tembung 'terus'. Tembung 'terus' kuwi kalebu basa Indonesia. Mesthine PYH nggunakake tembung "lajeng". Saengga ukarane bakal owah dadi "wonten wayangan, lajeng adicara Ketiban Sampur". Sabanjure tembung 'penampilan'. Tembung 'penampilan' kasebut uga kalebu basa Indonesia. Mesthine PYNA ngganti tembung kasebut nganggo tembung "pasugatan". Saengga ukarane dadi ".... Kadose wonten pasugatan pengrawit". Sabanjure uga ana maneh tuladha sing kaya mangkene.

### PANUTUP

### DUDUTAN

Lelandhesan saka asile panaliten lan andharan ngenani ragam basa lan undha-usuk basa sajrone pacaturan antarane penyiar lan pamidhanget radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara Mandhing Jamuran bisa

didudut, yen sajrone panaliten iki ana maneka ragam ragam basa lan undha-usuk basa sajrone pacaturan antarane peniyar lan pamidhanget radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara Mandhing Jamuran.

Wujud ragam basa sing ana sajrone pacaturan antarane peniyar lan pamidhanget radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara Mandhing Jamuran iki ana papat ragam. Bisa kaperang dadi papat ragam basa adhedhasar pacaturan ing adicara Mandhing Jamuran kasebut. Papat ragam wujud ragam basa sajrone pacaturan antarane peniyar lan pamidhanget radhio pro 4 RRI Surabaya ing antarane yaiku (1) Wujud Idiolek, (2) Wujud Akrolek, (3) Wujud Basilek, (4) Wujud Kolokial.

Saliyane wujud ragam basa sajrone pacaturan antarane peniyar lan pamidhanget radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara Mandhing Jamuran, uga ditemokake anane wujud undha-usuk. Undha-usuk basa yaiku undha-usuk basa Jawa kang sasuwene iki diweruhi dening masyarakat Jawa yaiku wujud ngoko lan krama. Panganggone basa sing kliru bisa ing pangucapane tembung, kliru pamilihane tembung, uga kliru ing pangrakite tembung. Wujud panganggone basa sing kliru kaya mangkene bisa disebabake dening panutur sing ora weruh paugeran panganggone basa. Bisa uga disebabake anane pangaribawa saka basa liya utwa dialek sing ndadekake basa asline owah.

#### PAMRAYOGA

Panaliten iki mung ngrembug saperangan wujud ragam basa lan wujud undha-usuk basa sajrone pacaturan antarane peniyar lan pamidhanget radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara Mandhing Jamuran. Panaliten iki pancen isih adoh saka kasampurnan. Aspek-aspek liya sing kalebu wujud ragam basa utawa wujud undha-usuk basa isih durung kabedhah kanthi rowa. Mula, perlu dianakake panaliten sing mirunggan babagan wujud ragam basa lan wujud undha-usuk basa sajrone pacaturan antarane peniyar lan pamidhanget radhio pro 4 RRI Surabaya ing adicara Mandhing Jamuran kanthi luwih njlimet.

#### KAPUSTAKAN

- Antunshono, 1952. *Paramasastra Djawi*. Yogyakarta: Soejadi
- Basir, Udjang Pr. M. 2002. *Sosiolinguistik Pendekatan Tintingan Bahasa Lisan*. Surabaya: University Press UNESA.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Sosiolinguistik Pengantar Tintingan Tindak Berbahasa (konsep teori model pendekatan dan fakta bahasa)*. Surabaya: Penerbit Bintang.
- Chaer, Abul lan Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rieneka Cipta.
- Harjawayana, Haryana, lan Supriya, TH. 2009. *Kamus Unggah-ungguh Basa Jawa Edhisi Revisi 2009*. Yogyakarta: Kanisius.
- Hastuti, Sri. 2003. *Sekitar Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Yogyakarta: Mitra Gama Widia.
- Keraf, Gorys. 1984. *Komposisi, Sebuah Pengantar Kemahiran Bahasa*. Ende Flores: Penerbit Nusa Indah.

- Mahsun, M. S. 2007. *Metode Penelitian Bahasa: tahapan strategi metode dan teknikny*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Padmoesoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T Citra Jaya Murti
- Pateda, Mansoer. 1987. *Sosiolinguistik*. Bandung: Angkasa.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Baoesastra Djawi*. Jakarta: Noordhof Kolff N.V
- Sasangka, Shri Satria Catur Wisnu. 2010. *Unggah-ungguh Bahasa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Soeparno. 2002. *Dasar-Dasar Linguistik Umum*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana Yogya.
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku: Bahasa – Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- \_\_\_\_\_. lan Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Sumarsono. 2004. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Nabda.
- Surana. 2006. *Wacana stiker humor: kajian sosio-pragmatik: laporan penelitian dosen muda*. Fakultas Bahasa dan Seni, Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Negeri Surabaya.
- Surana. 2007. *Frasa eksosentrik dalam bahasa Jawa: laporan penelitian dosen muda*. Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya.
- Surana, 2015. *Variasi Bahasa Dalam Stiker Humor (Doctoral dissertation, Universitas Gadjah Mada)*.
- Surana, 2017. *Aspek Sosiolinguistik Dalam Stiker Humor*. LOKABASA, 8(1), 86-100.
- Surana, 2017. *Inferensi Dan Problematika Pembelajaran Analisis Wacana*. FKIP e-PROCEEDING, 237-244.
- Suwito. 1983. *Sosiolinguistik Pengantar Awal*. Surakarta: Hennary Offset